

SANT BYENNÈT NAN LEKÒL

KONSANTMAN POU SÈVIS PARAN/ETIDYAN

Antanke yon Paran oswa gadyen **yon timoun ki minè** (mwens ke 18 lane) ou kapab chwazi si timoun ou an ap resevwa sèvis yo nan Sant Byennèt la. Etidyan yo ki gen 18 lane oswa pi plis kapab siyen pou tèt yo pou resevwa sèvis sa yo. (**TANPRI ENPRIME NAN LANK**)

Mwen, _____, bay konsantman m pou _____ resevwa
(Non Paran an/Gadyen Legal Etidyan an) (Non Etidyan an)

sèvis sante nan CAESAR RODNEY High School Sant Byennèt ki Administre pa Bayhealth Medical Center.

Sèvis Sant Byennèt gen ladan sa ki vini annapre yo, jan sa nesesè oswa mande;

SANTE FIZIK

- Evalyasyon, dyagnostik ak tretman maladi minè ak chòk
- Egzamen fizik, ki gen ladan 1 espò/anplwa/kolèj fizik
- Vaksinasyon an akò avèk Division of Public Health (Divizyon Sante Piblik la)
- Sèvis nitrisyon ak referans

KONSEY

- Konsèy Endividiyèl, Gwoup oswa Familyal
- Konsèy ak referans konsènan abi dwòg, alkòl ak lòt sibstans
- Referans pou konsèy alontèm oswa lòt evalyasyon

EDIKASYON

- Pwogram endividiyèl ak gwoup ki konsantre sou chwa lavi an sante

Sèvis sa yo disponib tou pou etidyan ki gen 12 lane oswa pi plis ki enskri nan Sant Byennèt lekòl sa a. Selon lalwa Delaware (Tit 13 §710) yon timoun minè ki gen 12 lane oswa plis kapab resevwa sèvis konfidansyèl sa yo san konsantman paran. Lwa sa aplikab nan tout etablisman medikal ak founisè yo. Enfòmasyon konsènan sèvis konfidansyèl yo kapab pataje sèlman lè pitit ou a bay Sant Byennèt la pèmisyon pou fè sa oswa nan diskresyon founisè swen sante ki gen konsiderasyon prensipal pou enterè minè a.

SÈVIS KONFIDANSYÈL

- Kapòt. Kontwòl Nesans Òmonal (tankou Kontraseptif Oral)
- Tès gwo sès
- Dyagnostik ak tretman maladi seksyèlman transmisib yo
- Konsèy VIH ak Tès

SANT BYENNÈT LA PA BAY SÈVIS SA YO

- Tretman oswa tès nan kondisyon konplèks medikal oswa sikuatrik
- Tretman prensipal kontinyèl nan kondisyon medikal kwonik yo
- Tès laboratwa konplèks
- Ospitalizasyon
- Radyografi

TANPRI KONPLETE LÒT BÒ A

SANT BYENNÈT NAN LEKÒL

KONSANTMAN POU SÈVIS PARAN/ETIDYAN

Se filozofi Sant Byennèt la ke paran/gadyen yo dwe enplike nan swen timoun yo a. Se poutèt sa, Sant Byennèt la ankouraje ak tout fòs li komunikasyon ak enplikasyon nan mitan etidyan yo, paran ak founisè medikal yo.

Sant Byennèt ki nan Lekòl yo finanse atravè lajan leta ak ranbousman nan asirans pou etidyan ki gen asirans yo.

The Division of Public Health (DPH) (Divizyon Sante Piblik) konsève otorite administratif pou Sant Byennèt ki nan Lekòl yo. Manb Ekip Byennèt ki Deziyen yo gen pou obligasyon selon lalwa pou divilge enfòmasyon espesifik sou pasyan bay DPH nan objektif pou anpeche oswa kontwole maladi, blesi, siveyans, oswa andikap nan Delaware ak nan peyi Etazini. Enfòmasyon k ap rapòte yo gen ladan yo: maladi seksyèlman transmisib, done laboratwa, nesans, lanmò, reyakson negatif ak medikaman, abi sou timoun oswa negligians, ak vyolans domestik. Lòt enfòmasyon jeneral yo kapab ale nan DPH pou swivi estatistik, men enfòmasyon sa pral de-zidantifye pandan analiz, ki vle di non pitit ou a ap efase. Enfòmasyon konsènan sèvis yo kapab pataje avèk konpayi asirans sante w la pou rezon amelyorasyon kalite yo.

ATIK SOU PÒTABILITE AK RESPONSABILITE ASIRANS SANTE SANT BYENNÈT NAN BAYHEALTH SCHOOL

Apati 14 Avril 2003, Sant Byennèt la dwe respekte Règleman Prive yo jan sa detaye nan lalwa sou Asistans Asirans Sante ak Responsabilite ("HIPAA"). Dapre lalwa nou oblige ba ou yon kopi de Avi Sant Byennèt la sou Pratik Konfidansyalite yo. Avi a dekri kòman Sant Byennèt la kapab itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w ke nou te kolekte. Li esklike tou kòman w kapab jwenn aksè ak enfòmasyon sa.

Sant Byennèt la angaje 1 pou 1 pran mezi nan konfòmite avèk lalwa aplikab, pou pwoteje vi prive w ak konfidansyalite w. Nou vle w konnen ke nou kapab itilize enfòmasyon sante w pou rezon tretman w, pou jwenn pèman pou sèvis ke nou ba ou yo epi pou rezon operasyon Sant Byennèt yo. Pou plis enfòmasyon sou kòman nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon sante w, tanpri li Avi nou an sou Pratik Konfidansyalite yo. **Ou kapab kontakte anplwaye Sant Byennèt la pou w ka jwenn yon kopi ki resan.**

Pitit gason/fi mwen an ak mwen menm te li fòm sa avèk anpil atansyon epi mwen konprann ke si m gen kesyon map kapab rele Kouwòdinatè Sant Byennèt la pou plis enfòmasyon anvan mwen siyen otorizasyon sa.

Avèk siyati m anba a mwen dakò, antanke paran oswa responsab legal etidyan ki rele, osinon antanke yon etidyan adilt (granmoun) ki

- Li (gason/fi) kapab resevwa sèvis yo nan Sant Byennèt ki nan lekòl la (**"Sant Byennèt" la**)
- Konsantman sa ap rete an aplikasyon toutotan pitit mwen an enskri nan lekòl sa
- Si pitit gason/fi mwen an gen asirans M ap founi enfòmasyon sa bay Sant Byennèt la.
- Mwen konprann ke Sant Byennèt la ap faktire asirans mwen an pou sèvis ki kouvri yo epi se responsabilite m pou mwen okouran de tèm ak limitasyon kouvèti asirans mwen an.
- Konsantman sa kapab revoke (anile) alekri nenpòt kilè, eksepte nan mezi ke ta gen aksyon ki te pran sou baz konsantman sa. Nenpòt demann pou revokasyon dwe fèt alekri epi voye 1 nan Sant Byennèt la.

Siyati Paran/Gadyen Legal Parent/Guardian

Dat

Lè

Non Paran/Gadyen Legal an Lèt Detache Print

Siyati Etidyan an Student

Dat

Lè

Non Etidyan an Lèt Detache Print